



## KISA KOMISYON FANM POUR REFIJYE A YE?

Yo kreye Komisyon fanm pou refijke a an 1989. Nou travay pou lwa, politik ak pwogram ki asire sekirite pou fanm, timoun ak jèn refijke yo, pou yo gen tout sèvis ak resous yo bezwen pou yo kapab rete an sante e atenn objèktif yo kapab atenn, pou yo patisipe nan pran desizyon ki pral afekte lavi yo, epi pou yo kapab fè travay pledwaye ak militan pou kont yo.

Gen prèske 42 milyon refijke e deplase entèn nan lemonnantye. Pou chak senk moun ki nan sitiyasyon sa a, kat ladan yo se fanm, timoun oubyen jèn. An mwayenn, sitiyasyon refijke yo konn dire 17 an.

## KI SA NOU FÈ

Men kèk objektif travay Komisyon fanm pou refijke a genyen :

- bay fanm ak fi refijke yo planifikasyon ak èd lè yo ansent e lè y ap akouche;
- pwoteje fanm ak fi deplase kont vyo (kadejak) e lòt vyoans;
- pèmèt timoun deplase yo al lekòl;
- ede fanm deplase yo pou yo fè lajan pou pran swen ni tèt yo ni fanmi yo;
- bay jèn yo edikasyon ak fòmasyon pou yo devlope konpetans;
- asire ke yo byen trete fanm ak timoun k ap chèche sekirite (mande azil) ozetazini, epitou asire ke yo pa mete yo nan prizon.

## KIJAN NOU TRAVAY

### Nou ranmase enfòmasyon:

- Nou deplase jis rive kote refijke yo rete pou n ka rankontre e pale avèk refijke yo, avèk ajans ONI e avèk òganizasyon entènasyonal e lokal.
  - Nou chèche konnen ki sa refijke yo bezwen.



- Nou aprann se ki kalite pwogramme (tankou pwogram edikasyon, developman konpetans, mwayen egzistans, lasante nan kesyon fè pitit) ki travay e se ki kalite pwogram ki pa travay.

### Aprè sa, nou sèvi ak enfòmasyon nou fin ranmase yo:

- Nou reyini ansanm ak pèsònèl òganizasyon entènasyonal yo pou n di yo ki sa ki dwe fèt pou amelyore lavi fanm, timoun ak jèn refijke yo.
- Nou ekri manyèl e nou bay direktiv pou ede travayè imanité yo pi byen travay ak refijke yo.
- Nou òganize reyinyon ak pèsònèl òganizasyon gouvènman yo, òganizasyon non gouvènmantal e Nasyon Zini; lè fini, refijke yo kapab asiste nan reyinyon sa yo pou yo fè manm pèsònèl yo konnen ki sa yo bezwen.

## KÈK DONE AK CHIF

- Nou se yon òganizasyon non gouvènmantal (ONG). Òganizasyon nou an pa asosye ni ak gouvènman, ni ak politik ni ak reliyon.
- Nou genyen 25 manm pèsònèl ak yon konsèy administrasyon. Kèk ladan yo se te moun refijke.
- Nòmalman, Komizyon fanm pou refijke a pa bay ni sibvansyon ni li pa finanse pyès òganizasyon ni moun an patikilye. Si w kontakte nou sou info@wrcommission.org, n ap fè w jwenn enfòmasyon sou òganizasyon ki konn voye sibvansyon bay òganizasyon lokal yo.
- Komisyon fanm pou refijke a pa kapab ede moun jwenn azil Ozetazini. Si lavi w an danje e si w bezwen jwenn sekirite nan yon lòt peyi, tanpri kontakte Komisè Nasyon Zini pou refijke yo ([www.unhcr.org/contact.html](http://www.unhcr.org/contact.html)) oubyen yon òganizasyon entènasyonal k ap travay nan peyi w.

Komisyon fanm pou refijke yo se yon filyal et li fè legalman pati Komite entènasyonal pou sekou, ki se yon òganizasyon ak bi non likratif selon atik 501(c)(3) e li pa jwenn sipò finansye nan men IRC a.

Foto: UNHCR/S. Errington.

2010

122 East 42nd Street  
New York, NY 10168-1289  
212.551.3115 | [info@wrcommission.org](mailto:info@wrcommission.org)  
[womensrefugeecommission.org](http://womensrefugeecommission.org)

Refugee Fact Sheet: Creole